# «Pashent taȳda» 15 hayal-qızdıń bántligi támiyinlendi

Búgin «Pashent taw» awıl puqaralar jıyınında jumıssız hayal-qızlardıń bántligin támiyinlew hám aymaq xalqınıń mútájliginen kelip shıǵıp, xalıqqa xızmet kórsetiwdi jolǵa qoyıw maqsetinde «Mavlyuda sheber» islep shıǵarıw kooperativi óz jumısın basladı.Sonday-aq bul  «Mavlyuda sheber» islep shıǵarıw kooperativi menen rayon hákimi A.Tajetdinov hám usı aymaqtıń sektor baslıǵı S.Utambetovlar tanısıp endi jumıs baslap atırǵan jas isbilermenge áȳmet tiledi.

Image not found or type unknown

Kooperativ baslıǵı Mavlyuda Sabirova bul haqqında tolqınlanıp:

- Aldın jumıssız edim, qolımda ónerim bolǵanlıǵı sebepli, kishigirim kiyim-kenshek tigiw cexın ashıw niyetim bar edi. Usı maqsette aymaǵımızdaǵı hákim járdemshisine múrájat etken edim, maǵan 45 million swm muǵdarında subsidiya ajıratılıp, kooperativ ashıwıma, ózim hám ózim usaǵan 15 jumıssız hayal-qızlardıń jumıs penen bántligin támiyinlewine eristim. Bunıń ushın men Prezidentimize, húkimet basshılarına sheksiz minnetdarshılıǵımdı bildiremen.

Image not found or type unknown

Shımbay rayonı hákimligi Málimleme xızmeti